



Pou Piblikasyon Imedya: 27/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN RANPLASMAN KONDWIT DLO ENPÒTAN KI KOUTE 500,000 DOLA NAN KONTE NIAGARA

*Ranplasman enfrastrikti ki deteryore anpil la pral ede asire yon apwovizyonman
dlo ki fyab pou biznis ak fwaye yo nan vil Wilson*

*Pwojè yo finanse atravè Inisyativ pou Rezilyans ak Devlopman Ekonomik
Gouvènè a*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a achèvmann yon pwojè ki koute 500,000 dola pou ranplase yon kondwit dlo ki te deteryore anpil, ki te etann sou yon ravin ki mezire 19 kilomèt nan Vil Wilson, Konte Niagara. Finanse atravè [Inisyativ pou Rezilyans ak Devlopman Ekonomik](#) (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI) Gouvènè a, ranplasman an pral ede redwi depans mentnans minisipal yo epi asire fwaye ak biznis ki jwenn sèvis nan enfrastrikti sa a vil la posede a, pral genyen yon apwovizyonman dlo ki dirab alavni.

"Pwogram REDI a enpòtan nan efò nou yo pou rebati enfrastrikti ki enpòtan nan kominote bò rivaj yo nan tout Lake Ontario pou ede asire yo kapab reziste evènman gwo move tan yo ak inondasyon alavni", **Gouvènè Cuomo te deklare** "Atravè patenarya no yo avèk kominote bò rivaj sa yo, nou pap sèlman rebati, men nou ap reyimajine rejyon sa a nan Eta a pou Nouyòkè ki ap viv la kounye a ak pou jenerasyon yo ki pral rele li lakay yo."

Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta te sipèvizize pwojè a pou ranplase kondwit dlo an asye ki mezire 275 pye nan longè, uit pous nan lajè, ki atache ak Pon Roosevelt Beach (Roosevelt Beach Bridge) la. Kondwit dlo a desèvi ozanviwon 5,800 rezidan nan Wilson.

Komisè Depatman Transpò Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Pwogram REDI a se yon temwanyaj pou sa Nouyòkè yo kapab atenn lè nou tout travay ansanm. Atravè investisman ki entèlijan, ki sible tankou pwojè sa a nan vil Wilson, nou ap rebati New York pi byen pase jamè epi ede rann enfrastrikti nou yo pi solid, plis rezilyan epi pi devan pou yo kapab reziste ak kèlkeswa sa Manman Lanati voye sou wout nou".

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Gras ak lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta a te fè ekip avèk kominote yo nan tout Lak Ontario pou kreye rezilyans kont

inondasyon alavni. Mwen aplodi DOT a ak vil Wilson dèske yo te kolabore yon fason ki efikas pou prezève yon sèvis ki esansyèl pou kominote a".

Komisè Pwovizwa ak Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan ak Ko-Prezidan Komisyon REDI a, Eric Gertler te deklare, "Inisyativ plizè ajans REDI a fidèl ak non li. Achèvmman rapid nouvo kondwit dlo sa a asire vil Wilson pral toujou genyen apwovizyonman dlo ki fyab, epi sa reflekte fòs kolektif nou an nan fè avanse rezilyans kominote ki te sibi domaj nan inondasyon yo nan tout Lak Ontario a ak bò rivaj Rivyè St. Lawrence (St. Lawrence River)".

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la ak Ko-Prezidan Komisyon REDI a, Basil Seggos te deklare, "Investisman konsistan New York yo nan REDI a ap sipòte amelyorasyon pwojè enfrastrikti pou pwoteje enfrastrikti kominotè yo kont inondasyon alavni, sa ki ede kominote yo rebati pi solid ak pi byen pase avan. Mwen aplodi vil Wilson dèske li priyore ranplasman sistèm livrezon apwovizyonman dlo li a, sa ki pral ede asire aksè nan dlo potab ki pwòp pou rezidan lokal yo".

Prezidan lejistatif Konte Niagara, Rebecca Wydysch te deklare, "Pwogram REDI a se yon gwo egzanp sou fason Eta New York ak gouvènman lokal yo kapab fè patenarya ansanm pou investi nan pwojè nan tout bò rivaj Lake Ontario a ki ede nou rekipere anba inondasyon desvastatè yo pandan li ap pwomouvwa kwasans ekonomik ak devlopman alontèm. Pa gen pi bon egzanp nan sa pase ranplase kondwit dlo Pon Roosevelt Beach la nan vil Wilson. Mwen ankouraje efò ofisyèl Eta a, kòlèg mwen Lejislatè Dave Godfrey, ak Sipèvizè Doyle Phillips nan ki te travay pou fè sa reyalize".

Sipèvizè Vil Wilson, ki se Doyle Phillips te deklare, "Ranplasman kondwit dlo Pon Roosevelt Beach la te enpòtan nan asire dlo potab ki san danje, ki fyab pou rezidan nou yo. Nou rekonesan pou asistans ak patenarya a avèk Eta New York, pandan nou ap jere pwojè sa a ansanm depi nan kòmansman pou rive nan fen li".

Nan repons ak chema inondasyon pwolonje nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo, Gouvènè Cuomo te kreye REDI a pou ogmante rezilyans kominote bò rivaj yo epi estimile devlopman ekonomik nan rejyon an. Yo te etabli senk Komite Planifikasyon Rejyonal (Regional Planning Committees) REDI yo, ki gen reprezantan ki soti nan uit konte (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou idantifye priyore lokal yo, enfrastrikti ki gen risk ak lòt resous yo, ak enkyetid konsènan sekirite piblik la.

Komisyon REDI a te atribye 20 milyon dola pou bay pwopriyetè kay yo asistans, 30 milyon dola pou amelyore rezilyans biznis yo, ak 15 milyon dola pou yon efò dragaj rejyonal ke chak nan uit konte nan rejyon REDI yo ap benefisye. Yo te atribiyè balans 235 milyon dola ki rete a, bay pwojè lokal ak rejyonal ki fè avanse epi montre egzanp misyon REDI a.

Anba enstriksyon Gouvènè Cuomo, Komisyon REDI a te vizite zòn ki te frape anpil anba inondasyon Lak Ontario yo epi li te travay avèk kominote lokal yo pou vini avèk

yon nouvo vizyon pou bò rivaj la nan yon pwendvi ki chita alafwa sou rezilyans ak devlopman ekonomik dekwa pou rebati pi byen ak pi solid alavni.

Depi kreyasyon pwogram REDI Gouvènè a nan prentan 2019, 133 pwojè lokal ak rejyonal REDI finanse yo ankou, ki enkli 104 pwojè nan faz konsepsyon, 15 pwojè nan faz konstriksyon ak 14 pwojè ki konplete.

Pou jwenn plis enfòmasyon, pwofil pwojè yo ak nouvèl sou REDI, klike [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)